

Pembantoe sareng
agen:
Priangan koelon
M. Sabari - Bogor
Priangan tengah
H. B. Pascoendan
Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjilat di Soekapoesa drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng
agen:
Priangan wetan
M. G. Kartaatmadja
Tjiamis.
Djawa wetan:
Blaocran G II No. 33a
Soerabaja.

LANGGANAN.
Pangmirahna dina 3 sasib f 1,50
Sataoen f 5,-
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie:
Galoenggoengweg 49.
Administratie:
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer:
ATMAWINATA
SOETISNA SENDJAJA
Redaktoer di Batawi
SOERADIRADJA.

Directie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja
Administrateur:
K. MARTAKOESOEMA.

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,-
1/32 " f 1,25
Sakali moeat.
Langganan langkoeng mirah.

Matrangan-karangan hal goenana, mangpaatna dooit hadiah djeung kaperloeanana hadiah deui.

Kami Boepati Tasikmalaja, njamboeng pepeling anoe ditjilat dina tanggal 5 September 1917, tina hal "dooit hadiah", sarta anoe geus diantarkeun di sabab-sabab desa-ka sakabeh oerang priboeumi kaboepaten Tasikmalaja.

Sanadjan dina pepeling anoe ti heula geus sakitoe teraung tina hal maksoedna-hadiah djeung pimangpaatunana pikeun bangsa oerang di djero kaboepaten, roepana-aja keneh bae anoe ajan ngaharti bener kana maksoedna.

Koe sabab kitoe, sakali deui kami mere pepeling sarta baris dibarengan koe boekti-boekti kamangpaatanana anoe geus katalankeun, malah mandar-djadi ditambah njata kana kagoe-naanana djeung kahadeanana dooit hadiah.

Dina awalna taon 1923, dooit hadiah mimiti ditariuna ti sakoe anoe sareka hadiah.

Dina tanggal 4-December 1923, di Tasikmalaja diajakeun koempoelan gedeg, sarta meh kabeh loerah-loerah sagero kaboepaten pada daratang dja di wawakilna sakabeh djalma anoe pada mere dooit briketkali.

Sanggeus milih bestuur, toeloj ngabawikeun roepa-roepa kaperloean pakoempoelan djeung roepa-roepa djalah anoe baris ngantoeungeun kana pakoempoelan, sarta anoe baris ualang kana kasoeahana rajat.

Nepi ka taon 1924, ngambah keneh boetoeana perang Europa, datang ka loba djalma djalma anoe pegat pisan pasabatanana. Babakoena anoe paling silih tatal hoeripna teh, toekang-toekang batik di djero kota Tasikmalaja lantaran kahoeripananana, woengkoel tina kooli ngabatik, tapi dina waktu henteu bisa lajoe, tina hal di mahlkeun toeling harga waragad batikan, nepi ka sama sakali teu aja pisan gegelunana. Saban pa 8 beuki nambah loba djalma anoe teu bisa sar-muang pagawean, nepi ka di dja Tasikmalaja mah waktu harita loba anoe dahar sora henteu isok. Oepami dantepe lila-lila daek-daek loba djalma anoe kalapanan.

Hikmatna dooit hadiah. Barang katangan jen lairi antepuun toeloj anoe njararing pikirna ngadeg keun pakoempoelan toekang-toekang batik dimodalna tina dooit hadiah sarta dina oemoer sataoen geus katembong toeloengna ka mang ratoe-ratoes djalma anoe tadija pegat pisan pasabatanana.

Loba deui pakoempoelan-pakoempoelan didi kaboepaten, anoe ngandoeung maksoed ngamadjoekun kahiroepan bangsa oerang priboeumi, anoe geus di bere ngidjeun modal tina dooit hadiah kalawan make renten anoe saeutik pisan atawa samasakali teu ma kb renten.

Djaba ti eta, "dooit hadiah" geus dipake noeloeng kano katjilakaan liri di Wonosobo, mere bantoean kana ongkos ngomean masigit agoeung di Demak, ngabawoe kana ngomean masigit Mangoeendja djeung geus di pake ngajakeun modal tentonsteling di Tasikmalaja, anoe maksoedna nem bongkeun djeung ngamadjoekun karadjanan djeung tataan oerang priboeumi.

Koe sabab beuki lila beuki njata ka perlakuanana, beuki karasa djasana dooit hadiah, nja dina tanggal 8 Juni 1924 diajakeun deui vergadering gede sarta didinja didarkeun deui sagala roepa anoe geus didjalankeun koe bes

tuur. Harita loba wawakil anoe daratang kana koempoelan anoe njarita nem-bongkeun kapaoedjoean hate, ngajakeun dooit hadiah.

Ngingetkeun tina sakitoe pepeka roepa-roepa karadjanan anoe perloe di padjoekun, tina sakitoe loebak liboek na hasil tanah kaboepaten Tasikmalaja anoe katoekang toekang oentoengna lain koe oerang priboeumi, soemawonna lamoen ngingetkeun hjang ngadegkeun sakola Agama loeher, anoe baris mere pidjalannu anoe leuwih sampurna pikeun ngoelik kabatinan, atawa ngadegkeun sakola loeher pikeun pakarang kaostamaan hi roep, koe modal dooit hadiah anoe f 56139,15, anoe disimpu di bank, katimbang modal tjoekep pimodalunana, moal laksana sapanedja oerang sarerea.

Koe sabab kitoe harita vergadering moepakat, soepaja di boelan Januari ngamimitian deui narima dooit sidekah, sarta ditoelejekun 5 taoen djepeot, sangkan dja di dagdagan, beuki gede tanaga pikeun nepi kana sakoemaha anoe ditjita-tjita tea. Nee matak teroes hadiah 5 taoen teh nja eta P. D. H. hajang djeudjeg pokona f 100000 (samalioen roepi) ditoeung lamoeu oerang priboeumi kaboepaten Tasikmalaja kabeh pada hadiah saros pia dina sataoen kira kira aja f 20000 lima tal oen dja di amalioen. Djeudjeg bae samemeh lima tahoen samalioen atoeuh dieureunan; koerang keneh, oerang teroeskeun nepi ka samalioen tea.

Ajeuna teh djaman kamadjoeh, koe sakabeh bangsa anoe didag-dedag teh kamadjoean. Oerang oge koe doo pisan madjoe, oelah tinggaleuh; Koedoe ngamadjoekun "arkat djeung daradjat. Koedoe madjoe teh oelah ngan omong woengkoel, tapi koedoe djeung prakna djeung boektina. Ajeu njah kadiri oerang, moal aja apoe leuwih njah ti batan diri oerang "pribadi, nja kitoe deui pikeun ngamadjoekun harkat djeung daradjat oerang moal aja anoe leuwih bisa djeung maksana lian ti diri oerang pribadi. Oerang teh koedoe pisan silipikanjaah kapala bangsa, koedoe ngahidji dja saeloetan saalutan oelah pisan tek ang-angan, oelah woengkoel ngoeoes diri sorangan, koedoe rempoeg djeokeoeg ngahidji babarengan ngadjoeng djeung sarta ngamadjoekun harkat djeung daradjat oerang.

Soepaja hasil maksoed oerang noe kasoeot diloeher tea, koedoe ngajakeun dooit anoe tjoekep pisan, sarta dooit teh njawana kamadjoean, teu aja dooit poegak kalakoean.

Tjaba koe sakabeh pikir masing pandjang tina hal kapinteran, tina hal dagang, tina hal tau, bangsa priboeumi katjida pisan tinggaleunana koe sedjen-sedjen bangsa. Oerang priboeumi anoe soeah pajah, kaentoengan gagedena koe noe sedjeu.

Lamoen dooit hadiah geus tjoekep djeudjeg samalioen roepia di dinja boek tina maksoed oerang:

1. Ngamadjoekun hal kapinteran boh lahir boh batin; koe ngajakeun sakola anoe loeher di Tasikmalaja, sakola naon bae anoe dipikahajang koe oerang, kitoe deui pikeun sakola Agama. Lamoen aja baroedak anoe piuter anak saba bae koering boh me nak dikirimkeun sira sakola kalawan ongkos dooit hadiah ka Eropa; ka Amerika, ka Mesir atawa kamana bae.

2. Ngamadjoekun hal dagang. Babakoena oerang priboeumi heunteu bisa madjoe dagangna, sadjabana ti tjoept akal djeung pikir teh teu boga modal. Koe ajana dooit hadiah tangtoe bae perdagangan bisa madjoe. Pi

keun mimiti noeloeng modal ka pakoempoelan-pakoempoelan. dagang, koe ieu pakoempoelan dioeroes kaperloean lid lidna, sabab koe P. D. H moal kaeroes lamoen hidji hidji djalm ma ngidjeun, kadjaba lamoen engke diahir geus njata kaperloeanana, bisa ngadegkeun BANK, nja eta Bank P. D. H. pikeun ngoeoes sagala kaperloeanana bangsa priboeumi sakaboe paten Tasikmalaja.

3. Ngamadjoekun hal tani. Tina hal tataan oerang priboeumi teuang diseboetkeun taja pisan kamadjoeanana tina teu njah atoeran-atoeran ngamadjoekun hal tataan djeung teu aja modalna. Nja kitoe dina hal ngadjoelna pangasilan boemi djalmadjalma teu njaho koemaha djeung ka mana ngadjoelna soepaja leuwih gede kaentoenganana. Dooit hadiah baris ngadajit kana ieu kasoesah sarta baris ngamadjoekun njieu pabrik naon bae, sampun sareh, enz. Panggilingan pare, njieu onderdoring djeung fabrickna (thee). Piteur noeloeng modal teh ka pakoempoelan tani, koe ieu pakoempoelan an-pakoeulan dioeroes kaperloean lid lidna, sabab koe P. D. H. moal kaeroes pikeun hidji-hidji djalma. Bank anoe kasoeot dina bab 2 baris ngoeoes kaperloean hidji-hidji djalma.

4. Sadjabana anoe kasoeot dina pasal 1, 2, 3, sagala roepa karadjanan bangsa oerang priboeumi kasaning-roepa roepa anjandak, pandaj, kamesan, tinoen, toekang kaje djeung sadjabana ti eta naon bae, tangtoe pisan dipadjoekun moal aja bedana.

Koe ingetan kami, geus tjoekep ngabedjer beasteun tina asil-asalna nepi ka boekti kamangpaatanana, mangpaat djeung-goena doenja a beraf, ajeuna mah ngan tinggal daekna Soemawonna ngingetkeun kana agama mah, ieu hadiah teh hidji kalakoe an Islam anoe moelja kahing-bisa.

Kami pertjaja jen maraneh sarerea pada ngalaffi kana kaaloesan djeung kagoenaanana; hadiah, karana oerang Kaboepaten Tasikmalaja sakitoe katje loekna tina kasoeoedanana ngalakoan agamana, dja pikeun djelema anoe gode iman Islam tangtoe gan-tjang pada hadiah; moal ngingetkeun beurat satahen saperak, sabab sakitoe mangpaatna, toeroeg loeroeg lamoen dibajar noengtoet saminggoe, 2 sen oge henteu (sataoen aja 52 minggoe; 52 x 2 sen = 104 sen).

Paoetoept "tjarita" kami moedji kano maha soeti soepaja sakabeh oerang priboeumi Kaboepaten Tasikmalaja di djabah koe noe maha Kawasa dipaparinan tjaung padang atina soepaja kaharti djeung karasa kalawan prakna ngadjalankeun kana panjeleok kami; moega-moega ditetepkeun iman Islam, dja oeh balai-parek redje ki. Moega moega Goe tr Alloh ngaboekeun kana sakoemaha anoe dimaksoed koe P. D. H.

Ambt "Alfatihah" Tasikmalaja, 10 April 1925. Boepati Tasikmalaja: Ad. Wiratanocingrat.

Pikiran!

Moal hade patoengi-toengi, geugeuj geura heug naroeotan, naloetoe oeroet noe madjoe, ngarambah tapak noe bisa.

Pirang-pirang pangadjaran tjarita noe barisa. Hal jagang aja boekoena. Hal tau aja boekoena. Hal ngoeoes ngidjeun deungeun asal daek leuweun ageunteung ka deungeun, sangkep aja boekoena. Agama aja kitaboa. Estoe moeng kari prak, kari da-

ek, kari leukeun, kari keukeuh. Kari pagueuh, kari titi kari soerti Pirakoe teu tjoeboek ka noe di Maksoedi

Pirakoe teu datang ka noe di Sedja Pirakoe teu nepi ka Harti. Pirakoe teu dongkap ka Biza. Pirakoe sagala noe Lain, timboel noe Enja.

Prak aja di Oerang Daek aja di Dewek. Leukeu-aja di Andjeun. Keukeuh aja di Andjeun. Pageuh aja di Andjeun. Titi aja di Diri. Soerti aja di Diri. Tjindekna: Sagala aja di oerang. di-si Itoe-si Eta! Neda widi ka Jang Widi. Noe Maha Soetji. oelah ka lian ti Eta!

M. G. K. Pamalajan postmerk

Rarantjang Regentschap Tasikmalaja di Volksraad.

Koempoelan biasa noe mimiti taon 1925 bab ka 3 bagian ka 14. Ngingetkeun provincie djeung regentschappen. Ordonnantie pikeun regentschap Tasikmalaja, dja di pamarentah misah (autonomie). (Kapa biasa) Neeroetkeun pamentah uoe diseboet dina bab ka hidji tina pasal 67 c tina Reglement Pamarentah Hindia Nederland rek pabekeun ka regentschap Tasikmalaja. Ngingetkeun kana pasal (20, 29, 31, 33, 67 c) djeung 131 tina Reglement anoe geus kasoeot di loeher djeung kang regentchap ordonpantie (staatsbl 1924 No 79).

Geus panteudje sarta ngarti: Pasal ka I. Regentschap Tasikmalaja kapilih dja di pamarentahan misah: koe lantaran joeroetkeun kateangan tina pasal 67c tina Reglement Pamarentah Hindia Nederland.

Pasal ka II. 1 Regentschapsraad di djadikeun koe regent saperti loeloegoena djeung 29 lid nja eta 4 rahajat bangsa Walanda 23 rahajat priboeumi pitoein djeung 2 rahajat bangsa asing anoe lain Walan da. 2 Tina noe 23 rahajat priboeumi pitoein noe geus diseboet di loeher aja 15 oge di djadikeun koe pilihap.

Pasal ka III. Sangmehna provinciale raad Pasoendan (West Java) mere atoeran se djeun lid nje 15 (ja anoe geus diseboet dina Art. ti heula hambalan ka dooit di djadikeun koe: 2 kiesman-kiesman ti district Tasikmalaja. 2 kiesman-kiesman ti district Tjijawi. 2 kiesman-kiesman ti district Manondjaja. 2 kiesman-kiesman ti district Singaparna.

1 kiesman-kiesman ti district Taradjoeng. 1 kiesman-kiesman ti district Karangnoenggal. 1 kiesman-kiesman ti district Tjikatomas. 2 kiesman-kiesman ti district Bandung. 1 kiesman-kiesman ti district Pangan-daran. 1 kiesman-kiesman ti district Tjidoelang.

Pasal IV. 1. Regentschap Tasikmalaja dipaparinan marentah di sawewengkon re-

Ti pitir hawoe:

Oerang Priangan, menak Priangan-geus katjoleok kaawoon-awoon kawentar ka mana-mana komo Bandoengna mah.

Aloe tangtoeng hade saoeer, hade tata hade basa. Malah baheula mah kakoeda-koedana katjoleok.

Naon atawa saha pamangoel noe ngamashoeurkeun teh? Noe dienjakeun (dibenerkeun) koe sarerea nja babakoena, patempatana, goenoengna, padataranana, lemboer-lemboerna piwaaseun pikabetaheun, estoe diogo naker moenggoe; hing koe alam.

Tapi teu kapalang geura moen ngingkah kadjoehna bet agoe digan-ti koe masjgoel, matak beureum tjenu li beureum beunguet, ari ras koe bangsa, mashaorna katoetoploean mashaor dina panghinaan.

Ngan ngoepehan maneh, da bangsa sedjen oge nja kitoe bae ari noe go-rengna mah, ngan bae Soenda ka Djawa tengah djeung wetan mah rea kabina-bina.

Akalan? Poegoeh, satoengtoeng bisa ngitjeup mah tjarek babasan tea mah, ngamashoeurkeun ka sarerea sakoe noe bisa djeung mangerekeun bangsa. Koemaha katoehonganana bangsa oerang, da samangsa mangsa aja noe hinana biasa aja noe mashaorna?

Njaeta noe baroga titel bangsa Mr. Dr. na, komo Ir. mah. Koerang rek-njar pisaratone oerang: Priangan, bisi aja noe nana, mana Ir. Dr. wedalan Priangan, da ari Banteng-Batawi mah geus aja.

Eh, ajeuna mah lapoeer, euweuh keur, piobareun era tea.

Tjing-tjing eta familiebonden K. W. S. Wanajasa bond, Parakarmoen-jang-bond, Timbanganten bond, Seendang-bond of Tjikoedde bond soegan? Djaoehna-wedalan Tjerehon?

Moal enja ngan semet Meester Nopeng woengkoel. Mr. Kontjar, Dr. Kontjar, Ir. Wentar-ogan rek ngamen?

Aeh naha, meh polio. Gelsenjampa soerat ti Den Haag ti oerang Soenda toelen, njaritakeun keur soe-sah pisan, keur di djari Hoofact-beakeun bekel. Menta dipangoepi-keun ka sakabeh bangsa Soenda ma-ke djalan Pasoendan, malah iraha Studiefonds Pasoendan teh rek diparena noeloeng asal meunang, sangkan bisa noelcejkeun di djari, moen geus hasil tangtoe dipoelangeun kalawan make Contract atawa tauda tangant. Soekoer moen oerang Soenda perloe make Hoofacta kadjeun Contract.

Ngerik ari ras koe milk, tjing ka mana djeung ka saha naha moen ka da eta teh oerang Priangan wetan.

Gelsenjoe.

gentschap, anoe tading aja dina bawahan karesidenan Preanger Regentschappen bareto. a. djalan-djalan oemoem, katoet: pagawean pikenn mirana saperti: melakan tatangkalan ngalempeng lamping dam-dam, kota-kota djalan, soemoer-soemoer, tihang-tihang tjiripal, papan-papan ngaran, djambatan-djambatan, soesoekan-soesoekan, koe-loewoeng koeioewoeng, papan atawa batoe-batoe di sisi tjai, tembokan-tembokan dina peupuntasan parahoe, iwal ti djalan-djalan oemoem katoet kawadjanana noe daseboet di handap: 1. Djalan pos ti wates regentschap



Garoet (Tjikoera) ka Tasikmalaja.

2. Djaln ti wates regentschap Garoet ngaliwat Pamोजना ka Tasikmalaja.

3. Djaln ti Tasikmalaja nepi ka wates regentschap Tjamis (noe ka Tjamis).

4. Djaln ti Padajoengan ngaliwat Soekaradja ka Karangnoeggal.

5. Djaln ti Tasikmalaja ngaliwat Bandjar Kalipoetjang djeung Parigi ka Tjidoelang.

6. Djaln ti Soekaradja ka Tjilegi.

b. eretan-eretan  
c. tanah-tanah lapang (aloen-aloen) djeung taman-taman.  
d. pantjoeran-pantjoeran leiding goena oemoem, soesoekan-soesoekan koeloe-woeng-koeloe-woeng.  
e. soemoer-soemoer bor  
f. imah-imah tempat kompa kahoeroe an.  
g. tempat-tempat mandi  
h. pamotongan oemoem  
i. tempat koeloeoran oemoem.  
k. pasar djeung wawagoenanana

Divadji keun ngajakeun sagala roe pa noe perloe djeung miara soepaja salawasna djadi hade kitoe deui lamoen perloe ngahadean atawa ngaganti koe noe anjar

2. Karana noe geus diseboet dina hambalan noe tiheula barang-barang noe maneuh anoe kabawa ka dinja anoe tadina aja dibawah parentah Preanger Regentschappen bareto, ajeuna kabogaan koe regentschap Tasikmalaja.

**Pasal V.**

1. Pakakas-pakakas kaasop kana kaperloeon pikeun ngadjalkeun paparentahan, miarana djeung ngahade-anana noe geus diseboet dina pasal di loehoer anoe tadina aja di bawahan parentah Preanger Regentschappen bareto, ajeuna diselehekeun ka regentschap Tasikmalaja djeung pertjoe mah.

2. Njakitoe deui noe sedjen-sedjen noe aja di djeur regentschap Tasikmalaja saokoer noe kaasop kana barang-barang inventaris saperti noe geus kasehoet dina hambalan ti heula sarta aja gawona pikeun kaperloeon ka boepaten.

**Pasal VI.**

Dina ordonantie ditangtoekeun djeom blahna doeit noe koedoe dibajar koe kaboeopaten Tasikmalaja pikeun anoe geus diseboet dina pasal 4 pikeun majar hoetang djeung majar renten anoe tadina aja dina bawahan parentah karesidenan Preanger Regentschap pen bareto, kitoe deui hoetang hoetang noe ditanggoeng koe provincie West Java djeung hoetang noe sedjen senjen.

**Samboenguan.**

**„Dogdog pangrewong.”**

Keur waktos djsim koering ngareureuhkeun tjape, ugararoekun angin leutik ngalilir, djalarn nembé dongkap ti pagoeonangan, ka lebat aja noe ngabantoon serat kabar Sipatahoenan No. 44, atoech djsim koering rae diwoewoeh kanimatan; kalawan goembira hate eta Sipatahoenan ditabja. Barang djsim koering matja leresan tjariosan di Bandoeng, N. V. „Perhimpoean soedara” anoe teu atjan sabaraha lamina gemelarna, parantos ngagadoehan milik Societeit sorangan. Djsim koering ngarandeg sakedap . . . . . bari gigisik dibarengan ngarengahp pandjang (tawis kaget) . . . . . selesep dina emoean, ras kana kajaan Societeit Prijai di Tasikmalaja, pribados ngaherankeun (ngalahakeun) sadjeuning hate, doemel Societeit Prijai di Tasikmalaja teh sanes anjar-anjar gemelarna parantos poeloeohan taoen, toer lidna saktioe seueurna; doegi ka ajeuna teu atjan ngabogaan tempat sorangan marga boektina ngan dipondah pindah bae, koe tjengengna hate, ladjung bae ngabantoon kertas sareng kalam, maksad njoehoenkeun pertoeleungan Djoeragan Reducteur Sipatahoenan ngarewong, soepados djarodjojna hate djsim koering dipedar dimedan Sipatahoenan, malak mandar sadajana para Djoeragan Bestuurs sareng Leden Societeit Prijai di Tasikmalaja djadi tingali, disarengan lictiar (daja oepaja) soepados Societeit Prijai di Tasikmalaja ngalemah dina tempat milikna.

Samemehna sareng saprantoena djsim koering hatoer noehoen ka Djoeragan Reducteur kersa nampi ieu „Dogdog pangrewong” ti pagoeo-

ngan. Pertawis djsim koering P. W. D.

Tjigoegoer postmerk

**Koempoelan famili „Wanajasa”**

Di Wanajasa dina waktos boboran Siam 1 Sawal 1343 prantos midamel kempelan famili Wanajasa.

Noe kagoengan maksad (mimpin):

- 1e. Djoeragan O. Soetaatmadja.
- 2e. Salihin.
- 3e. Anggawidjaja.
- 4e. Soemadiredja.

Noe ngiring kempel kirang langkoeng 60 djalma (familie) sareng noe teras lebet kana eta kempelan 45 familie.

**Doepi makaadna:**

1e. Njengtleungan artos pang alitna 25 cent agengna f 5— sarta eta artos engkena tras disimpen di Bank, koe pakempelan.

2e. Ngaraketkeun wargi noe tebih atawa noe tjaket.

3e. Ihtiar ngamadjoekun parapoe-tra familie sakola atawa ngadji ka noe langkoeng loehoer pangadjaranana.

4e. Toeloeng tinoleoeng ka familie anoe soesah tina djaln kipajah.

Noe djadi voorloepig bestnur

President Djoeragan Soeradiredja  
Secretaris Santawidjaja  
Peningmeester Soemintadiredja  
Commissaries Natapradja  
Karian  
Djibdjadipoera  
Soeradijoera

Moega moega ieu pakempelan aja boeahna kamadjangan, sarta hasil makaadna. Sareng disoeboenkeun ka para ahli Wanajasa anoe masih emoet keneh ka lemah tjaina, moegi-moegi kersa lebet kana kempelan familie tea.

Sareng samemehna njarioskeun maksad-maksadna, Djoeragan Santawidjaja tras mamasoer biantara noe kasebat di handap ieu

**DANGDANGGOELA.**

1. Kembang boelan medal tanggal snasih, ngiring bingah reh boboran Siam, sono ka noe sami lajon, kaomem Islam sami lajoe, reh netepan djangji Jang Widi, saom sasih ramelan, ditentu tiloe poeloe, sadaja sami tawekal, toeroeg-toeroeg katarik koe adat galih, njalinan anak rabina.

2. Soemawonna moenggoeh anoe miskin, anoe memang waloeat sandangna, kateler teler koe eter, hanteu kaer loenas naer, sok sanadjan moenggoeh noe soegih, nadjan koerang kabajangna, henteu woeroeng gioeng, ditamrong sanak baraja, andjoek hoetang tandon anak sapi moeuding, paparoan ti noe djembar.

3. Lamoen koerang pangor teteg ati, toengtoeng bingbang matak djadi lapang, lamoen ngabongbong kabojong, toena ka noe djadi roekoer, nanging moegi ka Jang Widi, celah nepi ka dinja, kadar anoe oemoem, soesah nja matja istigpar, bari njeun pasemon boedi noe manis, ngoepahan indoeng baeroedak.

4. Aja anoe ngelek bibit pitik, oerang lemboer leumpang midajeuhan, harempoj ka Ama Agent, noewoer sandjata pitoeloeoeng, ka noe kongas gemit perotjiti, nanging dina horitna, soeka resep noeloeng, malah sok djadi babasan, noe perotjiti djadi landong peurih peudjit, pamojokan pamodjoekan.

5. Anoe saom langkoeng nengah sasih, soemerelek tanggal lilikoeran, noe saom kawoewoeh loengse, pasar ngan kantoen saminggoe, doelag doegdag pepeling wadjib, pitrah djadi kawadjiaban, ti noe maba Agoeng, ka moerahaning Jang Soekma, noe prihatin teu woeroeng pada lastari, noehoer Alhamdoelillah.

6. Pakir miskin soemawon noe soegih, sami-sami kagoentoean bingah, tina saom terch salse, ema meuli sumping woeloeng, ngaleuuehan batik Tjamis, si oedjang make stelan, djeung make sapatoe, bapa montong dipikiran, dapon bisa sajagi boeat tatani, baraja noe anggung datang.

**SINOM.**

1. Njajagikeun kadang warga, noe tebih meureun saroeumping, emoet ka lemah tjaina, ti Bogor djeung ti Batawi, Tjibaroesah djeung Tjileungsi, Poerwadadi Pasirboengoe, saafdeeling Poerwakarta, Soebang Pamanoeakan soemping, noe toelaten ka usi lemah tjaina.

2. Ajeuna katambang beas, laksana panjeta ati, oendjoek noehoer ka sadaja, kadangwargi noe saroeumping, kapiraka kapiraji, pipoeira soemawon sepoeh, sanget neda karidoan, ti lahir doegi ka batin, hatoer baktos silatoerahmi boboran.

8. Sareng ageung permaksadan, ka sadaja kudang wargi, ajeuna keur noedjoe bingah, nanging katjampoeoran sodih, ngaraoos diri pribadi, boa hatoer oge kitoe, emoet kana paalaman, beuki lain beuki lain rame soetoh djaman teh ngan goemoeroelna.

4. Moebil djeung kapal odara, abdi-abdi njandang sedih, tjenah djaman kamadjoean, teu bisa woewoeh pangarti, keur sandos peja hoerip, ras eling ka boedak lemboet, anoe njorang alam djaga, boa-boa woewoeh sisip, kaseleh koe noe pinter gode modal.

5. Djadina koe margi eta, sanget pauohoer sim koering, ka noe saeureur locangna, sanadjan maroe-rangkali, naha atoech saha deui, anoe rek soetji rek mitoeoeh, goemela sarta bangsa, kadjawi koedoe badami, rempangan noe teu njorang paluangaran.

6. Kapoengkoer parantos dongkap, serat djoeragan Salihin teekenaar di Tanah Soebang, samboengan djoeragan mantri, hulp onderwijs district, Pamanoeakan anoe toehoe, geten toelaten toeweka, soemelang ka kadangwargi, kasanggakeun ajeuna ka sadajana.

Biantara karangan poen Santawidjaja; saues pisan hatoer tingali katiasaan, moeng sanget bajang midamel katjintaan kasadaja ahli-ahli koelanoen.

(wg) Santawidjaja.

Wanajasa postmerk.

**Notulen Openbare vergadering.**

Pasoendan tjabang Tasikmalaja ping 10 Mei 1925 di H. I. S. gobouw Pas. Sb. no. 47

Djr. Voorzitter njarioskeun deui tina hal kota noe baris diliuggihan koe Gouverneur, keukeuh kedah di Bandoeng rea alesanana tina perkawis ieu, ladjong ngadamel motie. Noe karempel sadaja rempang.

Ladjong njarioskeun hal ngabenoem Goeroe di H. I. S. Pasoendan, nja eta djr. S. Prawiranata kersaun djadi goeroe zonder toelage.

Netepkeun anoe bade ngalebetkeun ka H. I. S. Pasoendan kedah derma f 5— nja eta anoe teu atjan pisan ngalebet, anoe parantos mah teu kedah naon-naon deui.

Separantos eta ladjung pauze sakedap, diboeke deui nanging Besloten vergadering. Memeh ieu vergadering diboeke saeure anoe lalabet djadi lid malah harita milih subcommissarisna di oenggal kring, aja 17 anoe lalabet.

Besloten vergadering djam satengah 11 diboeke koe Voorzitter, njarios tina hal ngadamel adegan sakola, komaaha akalna soepados mirah sareng tereb.

Djr. Kartawisastra Subcom, Soekasoekoer toemaroos tina hal ngabenoem Goeroe ladjong diterangkeun verslag-na koe Voorzitter doegi ka beresna.

Ladjong ngabenoem Secretaris nja eta gentosna Dj. Prawiranata anoe kana goeroe tea, nja kapilih djr. D. Soemiratmadja.

Ngabenoem deui Commissie anoe baris marios adegan, nja eta Dj. H. M. Djadoeri Dj. Soedjana, H. Joesep sareng Eotje Mahmoe.

Ngabenoem deui oetoesan anoe baris ngiring kana kempelan di Bandoeng nja eta Dj. Ahmad Atmadja sareng Dj. H. Oedjoe ti Manondjaja sarta netepkeun piongkoseunana f 20 doesan.

Ti dinja njarioskeun rotahan dina Huisdoudeljik reglement, dibarempagkeun bade disoeboenkeun goedkeuring-na H. B. di Bandoeng.

Pangadjaran Pasoendan (Pasoendan afd. Onderwijs) parantos kenging rechtspersoen dibarempagkeun soepados celah paanggang sareng Pasoendan.

Voorstel ka H. B. soepados Pasoendan ngajakeun Economische politiek. Hal ngirangan inkomsten belasting moepakat soepados Pamarentah njan dak kinderafstrek tina artos padjega-neun.

Vergadering moepakat soepados njoehoenkeun ka Pamarentah ngilari djaln sangkan padjeg harta benda

oelah abot teuing. Moepakat njoehoenkeun ka Pamarentah tarip SS sareng post dikirangan sapertos kapengker bae.

Njoehoenkeun ka Pamarentah soepados samemeh mapiarin subsidie ka sakola-sakola Kristen pikeun bangsa Islam. kedah dipajoenkeun masihan subsidie ka Neutrale scholen.

Panoetoepna djr. D. Soemiratmadja Secretaris njarioskeun pandjang tina hal Sipatahoenan, moega-moega sadaja sami roemodjong ngalangan nja kitoe deui ihtiar soepados woewoeh lid Pasoendan.

Taboeh 1 langkoeng 15 menit vergadering ditoetoepe koe Voorzitter kalawan beresna teu aja naon-naon.

(W. G.) Soemiratmadja. Secretaris

**(Loear tanggoengan Redactie). Soerat kiriman keur „Goentoer” dina Soerapati.**

Agent Afdeelingbank Djonggol enz.<sup>2</sup> Samemeh bade njarios perkawis agen Djonggol (boedjang, kooli tea) ka doeloer-doeloer sadajana wiloe-djeng Lebaran (oge ka Padoeka Toean Goentoer) sareng ujoehoenkeun di hampoera.

Ari perkawisna mah kieu: atoeran teh oepami dina hidji dessa aja noe lowong (anoe teu malajar) ka djalma anoe nembé namboet teu tiasa kaloeur artos. Margi Bank sieun dina hidji dessa anoe parantos awon, tambih artos ka djalma anoe teu atjan kenal bilih eta dessa djanten langkoeng awon.

Ari ka djalma noe parantos namboet mah, masih teu aja noe malajar oge tangtos dikaloeurkeun bae, margi Bank parantos kenal sareng eta djalma, sareng prantos djanten langganana.

Dina tanggal 18 Maart (sanes 11 Maart P. T. Goentoer, sing apik atoech laaah) aja tiloe djalma anoe bade namboet, sedeng eta djalma, teu atjan pisan namboet, namina Banoe, Mahadi sareng Daitjan.

Sanggem agen ka Loerah: „Tjing atoech Loerah, menta toeloeng, soepaja ieu tiloe djalmi bisa narima doeit, sabab aja hidji djelema di dessa ieu anoe teu majar (djr. Hulp. tea). Agen oge badanten sareng eta djalma, kaleresan tiloeanana sanggemeeun tala-ngau artos f 2.00 sewang (sanes f 4.00 Banoe woengkoel P. T. Goentoer, sing apik atoech laaah, ari njerat naon-naon dina soerat chabar) kanggo pembajaran djr. Hulp. schrijver, anoe loe-loer parantos terangeun, gadjih na 1500 cen sasasih tea.

Tras bae artosna dikaloeurkeun, Banoe f 30.00 Mahadi f 90.00 sareng Daitjan f 60.00 sadajana teu kirang sapeser, sanes koe agen dikaloeurkeun, tapi koe kasploeg, teu terangeun agen prantos badanten oge. Sareng di saksian koe Loerah sareng wakilna.

Separantos kitoe artosna dibentoen ka pipir imah, didinja tiloeanana masihan f 2.00 sewang ka Loerah, koe Loerah disetor ka agen. Doea dinten deui koe agen disetor ka kantor, teras dilebetkeun kana Boekoe Debituren (Ari register saeure di Gouvernement P. T. Goentoer).

Djadi anoe gadjih 1500 cent sa sasih tea, katoeloeng oge koe eta atoeran helok ten, margi oepami teu lebet pembajaran Dj. Hulp tel, tangtos kana denda.

Waktos diparios Banoe sareng ba-toerna, koe sim koering kakeoping pisan: tjenah, teu panasaran, sareng soeka masihan artos kanggo nalangan Dj. Hulp mah, sareng sareng waktos kaping 18 Maart, soeka aja atoeran kitoe.

Ari kieu, teh memeres loer-loer??? Sing pandjang emoean, sing tetep emoean teh; sakali deui: „Ari kitoe teh memeres sawenang wenang???

Lamoen djalma djalma soeka ngoe roeskeun kitoe. . . . . Kitoe deui, si koeli, si boedjang teu ngahakan eta artos koe sorangan disetor saleresna sareng djalma soe kaeun, bade naon deui P. T. Goentoer teh???

Artosna koe margi koe Dj. Hulp teu atjan dibajar, parantos di wangsoelkeun koe simkoering, koe Dj. Hulp engke bae panginten.

Djadi emoean simkoering mah: agen Djonggol aja oge lepat sacutik, nanging ispat kitoe teu kenging di sebat: „memeres” soemawonten di sebat „sawenang-wenang” saues doeloer doeloer???

Soepanten doeloer-doeloer ajeuna terangeun sadajana ti kintja sareng ti katoeloe, saues kedah kitoe? sareng oepami lepat, njoehoenkeun di hapoenten.

Teu aja sanes salam ta'dim J. B. Hettema.

Tjibaroesa postmerk.

Ieu kintoean dilebetkeun dina Sip, margi Soerapati henteu angger kaloesarna.

Red.

**Rarantjang begrooting kaboeopaten Tasikmalaja.**

Moesjawaratna Bale Rajat (Volksraad) noe mimiti dina taoen 1925.

Begrooting Kaboeopaten Tasikmalaja pikeun taoen 1926.

Oendang-oendang tina hal ontwerp (tjont)

Pakeun nohonan noe ditoelis mimiti dina artikel 78 tina oendang-oendang Kaboeopaten (Staatsblad 1924 No. 79), nja eta nangtoekun begrootingna pikeun Kaboeopaten Tasikmalaja;

Noeroetkeun noe aja dina artikel-artikel ka 20, 29, 31, 33, 67 C. djeung 131, djedjor 3, pangkat ka d, tina papagon pikeun ngoeroesna paparentahan di Hindia Walanda.

Geus netepkeun kalawan noe sae-uja-enjana.

Kahidji: hal taksiran piongkoseunana pikeun Kaboeopaten Tasikmalaja keur dina taoen 1926, saperti ieu dihandap.

**Bagian ka I.**

- Bistirna tina Kaboeopaten.
- Art. 1. Gadjih pagawe di kantorna f 4500
- 2. Onkos toetoeusan kas kaboeopaten f 300
  - 3. Kaperloeon toetoeusan, njitak njebarkeunana, djeung sabangsana f 700
  - 4. Ngoeroes, ngome djeung meulian parobot kantor, djeung njagaan tempat, koempoelan f 150
  - 5. Paroeroegi ka lid-lid dina keur koempoelan f 700
  - 6. Paroeroegi noe teu kaasoeop kana art. 5 f 100
  - 7. Ngajakeun soerat-soerat kabar f 50

**Bagian ka II**

Pikeun pagawean noe gelar anoe teu kaasoeop kana bagian-bagian noe rek ditjaritakeun di hareup

- Art. 8. Gadjih pagawe bangsa patoe-kangan f 9000
- 9. Gadjih pagawe anoe njekeul toetoeusan f 2811
  - 10. Ongkos ongkos njanjabaan djeung padoemoekan patoe-kangan f 1500
  - 11. Ongkos ngagambarkeun pigawean noe geus aja djeung noe anjar f 200
  - 12. Kaperloeon kaffitor djeung toetoeusan oekoeran-oekoeran pikeun ngagambaran djeung sa-toeloeljna f 300
  - 13. Meulian, ngoeroesna ngomeana parobot kantor f 75
  - 14. Ngome djaln djeung sakatoetna f 98840
  - 15. Ngome sasak-sasak djeung sakatoetna f 12873
  - 16. Ngome djeung ngaberesihan lapang-lapang f 400
  - 17. Ngomean djaln djeung sakatoetna noe katjida Roeksakna f 2500
  - 18. Ngomean sasak-sasak djeung sakatoetna noe katjida roeksakna f 2500
  - 19. Ngoeroes djeung ngomean kantorna Directeur djeung goedang-goedangna f 100
  - 20. Ngajakeun, ngoeroes djeung ngomean pakakas paparabatan noe perloe diajakeun f 750

**Bagian ka III**

Eretan-eretan f 90

Art. 21. Ngoeroes eretan f 90

22. Ngoeroes, ngomean djeung ngajakeun paparabatanana f 150

**Bagian ka IV.**

Pikeun beberesih. Art. 23. Njebor djaln djaln djeung ngakoetan roentah f 5300



24. Ngajakon djeung ngoe-roes roda-roda (gorohag djeung paparobotan)	f 600
25. Ngaberesihan, ngeroes ngomean djeung menerkeun solokan, got-got	f 3000
Djoemblah	f 8300
Bagian ka 5	
Noeloeng noe kaboroeran	
Art. 26. Ngeroes djeung ngome kumpa-kumpa	f 60
27. Ngeroes, ngawenteuh keun djeung ngajakeun paparobotan	f 300
28. Premi	f 25
Djoemblah	f 385
Bagian ka 6	
Pakoboeran oemoem	
Art. 29. Gadjih pagawe	f 810
30. Ngeroesna, djeung kaloearan noe teu tangtue	f 600
Djoemblah	f 1410
Bagian ka 7	
Adegan-adekan	
Art. 21. Gadjih pagawe	f 720
32. Ongkos-ongkos pagawe	f 180
33. Kaloearan noe sedjen	f 300
Djoemblah	f 1200
Bagian ka 8	
Pasar-pasar.	
Art. 34. Gadjih pagawe	f 11430
35. Ongkos-ongkos pagawe	f 1800
36. Toelisan hal pasar, ongkos asoeransi seunou, djeung ngajakeun paparobotan	f 1178
37. Ngeroes, ngome pasar djeung djongko-djongko djeung kaloearan noe teu tangtue	f 1095
Djoemblah	f 15501
Bagian ka 9.	
Padjagalan	
Art. 38. Gadjih pagawe	f 630
39. Ngeroesna padjagalan djeung kaloearan noe sedjen	f 850
Djoemblah	f 1480
Bagian ka 10	
Pamariksaan ingon-ingon djeung daging.	
Art. 40. Gadjih pagawe	f 1188
Bagian ka 11.	
Soepsidi.	
Art. 41. Soepsidi losmen partikoelir	f 600
42. Soepsidi Pakoempoelan pikeun masing-kaperloean	f 25
Djoemblah	f 625
Bagian ka 12	
Moengot padjeg.	
Art. 43. Ongkos-ongkos moengot padjeg karamean	f 560
44. Ongkos-ongkos moengot piagem-piagem	f 80
45. Ongkos-ongkos moengot padjeg pepetasan	f 72
46. moengot padjeg andjing	f 60
47. moengot padjeg toetoempakan	f 960
Bagian ka 13 Djoemblah	f 1682
Pasangrahan pasangrahan.	
48. Gadjih pagawe	f 180
49. Ngeroes djeung ngomean adekan	f 100
Djoemblah	f 280
Bagian ka 14	
Pangatoeran pikeun ngamadjoekeun kasehatan	
50. Gadjih pagawe anoe nitenan djeung toetoengon pamandian djeung adeganana noe katoel	f 482
Art. 51. Ngawenteuhkeun paparobotan noe perloe.	f 150
52. Ngamoemoel djeung ngomean pamandian djeung adeganana	f 100
53. Kaloearan pikeun ngotjorkon tjal.	f 10515
Djoemblah	f 11197
Bagian ka 15.	
Pangatoeran pikeun ngamadjoekeun tatali hoerip djelema-djelema.	
Art. 54. Kaloearan pikeun ngamadjoekeun hal miara	

ingon-ingon	f 250
Djoemblah	f 250
Bagian ka 16	
Hoetang pihoeatang.	
Art. 55. Renteu dooit andjoe-kan.	f 10859
56. Panjitiil hoetang	f 7420
Djoemblah	f 18276
Bagian ka 17.	
Fangsioen.	
Art. 57. Ngabojong kas pang-sioen.	f 2035
Djoemblah.	f 2035
Bagian ka 18.	
Art. 58. Kaloearan anoe tjan tangtue.	f 12916
Djoemblah	f 12916
Djadi djoemblah-djamblah bakalna kaloearan	f 275914
Kadoea: Dina wewengkon kaboeapa ten noe geus ditangtoekeun kaloearanana tea, bisa oge aja robahanana saperti artikel artikel nepi ka 7, 10 nepi ka 28; -32 djeung 33. 35 nepi ka 37; 43 nepi ka 47 djeung 51 nepi ka 53.	
Ieu artikel artikel djeung oge artikel 30, 39, 49 djeung 54 lamoen kaboeptian teu tjoekoeop bisa ditambah koe tina kaloearan noe teu tangtue.	
Kadoeana deui: Taksiran tina ka hasilan ti sawewengkon kaboeptian noe bakal katampa dina taoen 1926; geus ditangtoekeun saperti di handap	
1e. Padjeg karamean	f 700
2a. andjing	f 400
3a. piagem	f 1400
4e. toetoempakan	f 14500
5e. ngadjoel pepe-tasan.	f 1200
6e. idinan adekan	f 600
7e. dooit pamariksaan sato + daging	f 2600
8e. padjagalan	f 2600
9e. beubeunangan	f 64500
10e. pamandian saajana (memorie)	f 400
11e. pasangrahan	f 400
12e. hal ngatoer reclame saajana.	
13e. pakoboeran oemoem saajana.	
14e. lapang-lapang.	f 400
15e. pamotong kai	f 50
16e. tina hal toetolisan	f 60
17e. rentenna dooit noe diandilkeun saajana	
18e. dooit ti prijadi-prijaji pikeun kas pansioen	f 715
19e. dooit ti nagara (bedana pangmailan djeung kaloearan)	f 119420
20e. kahasila noe sedjen saajana	f 215914
Djoemblah	f 215914

**Bedja ti Tjimahi.**  
Dina tanggal 15 djeung 16 Mei 1925 di Militair hospitaal Tjimahi aja examen pikeun Zuster kl. II, reuna candidaat tiloean sarta toeloes kabeh njaeta:

- 1 Meuffr. Raeni Natawiria
- 2 id. L. W. Vogt
- 3 id. A. Ch. Rosbak

**Wartos ti Administratie.**  
Parantos pirang - pirang nummer Adm. nampi Sp. wangsoel deui ti H. Idris Panoembangan, padahal teu ngiutoenan. Stempelna Tjimahi, tjing

poena Madkaja teh estoe ugabada ngamodal pikeun mikat eta sawe soepaja kapimilik kadjeun beak ratoesan oge; ari keur noe kitoe mah ditobak, teu tjara kana oeroenan solokan atawa sasak harese pisan dipentaan saketip oge.

Saperti geus ditjaritakeun di loehoer jen Madkaja teh babakalan djeung hidji landjang ngora keneh pisan kira oemoer 14 a 15 taoen anak Bapa Djoeminem, nja ka Nji Endjoem tea.

Saminggoe ti harita aja noe datang ka Madkaja jea mawa pamontana Nji Djoeminem, Madkaja sabisa-bisa koedoe mawa verklaring ti Doktor

atoeh stop bae, Tjimahi oelah maksa-maksa noe teu soeka, eta Sp. teh wangsoelna deui ka Adm. Sp. anoe teu mais teu meuleum, oelah ngiutkeun.

Seing Adm. Sp. ngiutoen priefnummer ka para djr. kinten 10%, anoe wangsoel deui, tawis jen mal ngalangan, teu sawios ka anoe teras (teu ngawangsoelkeun) disoebonkeun kintoeananana kanggo ipekah Sipatahoenan.

Disoebonkeun ka abonne anoe ngiutoen artos langganan, soepados diserat nomer abonna, soepados teu karaos repot teuing ngilarina.

Anoe teu atjan diserat nummerna, tawis teu atjan kalebet kana boeko, noemawi kintoean bae heula postwis-selna.

**Toeloejna dongeng Bapa Saka.**

Dina No. 47 Bapa geus djangji neroeskeun dongeng tea nja eta ti saenggeusna bapa sedih kingkin al-lem letjoet teh koe lantaran beubeunangan koe ti tjoekoeop bae, da nja eta pakenjang-konjang djeung kapala noe moengot oeroenan itoe ieu, padjeg kasab padjeg kapala tea wah warna bae. Tah barang bapa ngadenge djeung boektina malah miloe milih pa Kisman, tjenah bakal aja Raad Kaboepten, atoeh rada oge bongbong hate teh aja harepan soegan kahareup mah teu areungap teuing, moal sa-koemaha dibeberikna koe kapala, soegan. Da tjenah sagala oge oerang teh diadjak badami, teu oedjoeg oedjoeg sentoeg-sentoeg bae kana hate tapi . . . . . aja bae tapina teh, nja eta tapina oepama noe djaradi Kiesman bener-bener milihna pidiideun, nja kitoe deui engkana elid tea, bener-bener rek ngamadjoekeun ka oerang nja ka bangsa bapa tea. bener-bener njaah ka oerang, nja ka tangea bapa Saka deui, ari elid anoe sagala ijah akoe sadjah mah atoeh pertjema mah tjek oerang teh meureun teu buetoeh djeung aja kasieun bapa teh deui kawas Djr. Salim uedoehna ka Volksraad kamedid omong, mangkaning raad kaboepten-oge kisan sabagian leutik ti eta raad. Moegi-moegi oelah kawas kitoe, nja batoer djenoeok bala rea? Aja terasna!

**Panjamboeng:**  
Noe matak sing daek sing awas dina milih kiesman. Kiesman omongan Si Anoe Si Anoe noe koedoe dipilih kana Raad Kaboepten teh.

Red.

**K A B A R.**

(Tina s. k. Walanda)  
Lantaran ngembarkenn kabar kabar pangasoetan direktor soerat kabar Tanze (di Angora) dihoekoem koe pamarentahan Angora, diboeang sa-toetoeop oemoer.

Toean Lafontanie bari diangkrat dja di Resident Priangan Wetan.

Kangdjeng Dalem Krawang, lantaran geus waktoena liren pangsoe (servoel).

Kapal api Togo Maru, di antara Shjanghai djeung Yokohama keuna toenggara, kaleboeh teu katoeloengan Pagawe djeung noe naroeppang, reana 100 oerang kabeh msot tilelep.

Di Kapstad (Afrika kidoe) geus kadinau koe Parlement, kahareup dina sagala perkara basa Walanda noe bari dipake.

(Pangeusi Afrika beulah ti Kidoe) anoe gede pangartehna bangsa Wa-

landa, toeroenan-toeroenan noe baeu la di dinja ngababakan waktoe oerang Walanda ka Hindia nja djalan ka dinja djeung bangsa Parasma noe kalaboer ka dinja, ninggalkeun demah tjaina lantaran aja kariboean di nagarana perkara agama.

Ajeuna sakoliahna kabawah koe Inggris, sanggensua eleb perang dina taoen 1806.)

Red.

Di kawahna G. Tangkoeban Praloe geus kapanggih deui bae aja noe ma ot hidji bangsa Walanda Toean de Houd ngagoler ti palebah maraotna 3 sinjoh inosrid H. B. S. tea. Lantaran na njeuseup hawa tjampoer baroeang, noe bidjil ti djeru kawah. Koe sabab geus lila teuing maotna, dikorebkeun teu djaoeh ti tempatna ngagoler.

Koe djalan airkoelir, Patih Soesoehoeuan Soerakarta geus ugembarkenn ka sakabeh wargi Ratoe njakitoe deui ka amtenar-amtenar nagara, jen "zelfbestuur" teh kaperloean oemoem. Bisanu kadjudian tja deui djalanna ngan koe koedoe aja kaveresan disakoliah wewengkon karadjaan.

Koe sabab eta saoeer noe kaseboet dihoehoer boga kawadajiban salawasna hiroep djadi pintjoutoeun, sarta kamistian ngabeberes nagara, dilarang asoep djadi elid hidji koempoelan anoe boga maksoed rek ngaboerak atoeran atawa kaajaan nagara.

Amtesar amtenar noe ngaroempak ieu larangan bari dilepas djeung wargi wargi noe teu noeroet bari ditja-woet gadjihna.

Soegri noe geus kenging ongkos pertoeoengan sakola pikeun djadi pagawe Goepernemen diwadjiheun moelangkeun deui eta artos (ongkos) ka Goepernemen.

Sawatara kaom koeminis di Balgarije, noe geus njeungeut bom didjero garedja, maksoedna maehau sakabeh noe njekel kakawasaan di nagara eta, dihoekoem gantoeing djeung sasasana dihoekoem boei 3 nepi ka 6 taoen djeung aja oge noe keuna dongdaan dooit diantara 20 riboe nepi ka 1/2 maltoen: lewa. (1 lewa = 1 frank = f 0.60)

Djr. Commissaris Raden Mas Soemitro, adjuut leider polisi sakaresidenan Priangan, dibenoem djadi wadana di distrik Soempioeh (Banjoneas).

Pikeun perdjalanan oedara antara Inggris djeung Hindia Inggris bari njeun kapal oedara, model kapal oedara dagang (handelsvrigtuigen) noe pimahiun dieusi 20 djalma djeung katjepetanana 150 K. M. sadjam.

Pemberontakan di Marokko beuki gede bae, Balad Prantjis kareogian gede. Bedjana Abdoelkarim kapalana pemberontakan rek ngahantem deui balad Spanje.

**PIKEUN SAKOLA!**

- Kertas gambar anggoeun blinde kaar, sameter f 0,80
- id. lambaran, salambar f 0,15. f 0,20 f 0,25
- Boekoe gambar (polos 20 lambar f 0,10
- Kertas djiid (kopi) salambar f 0,04
- Gagang kalam f 0,06
- Sabak noe moal peupeus f 1,—
- Kartoe gambar araloes pisan f 0,10
- Karet tjap "gadjah" f 0,10
- Kartoe whist, sastel f 2,50
- Tjet gambar, patlot gambar, pen-seel, boekoe toelisan roepi-roepi, sareng seueur seueur deui kaperloean sakola.
- Boekoe A. B. C. f 0,80
- Boekoe Walanda-Soenda 3 djiid f 3,—

**Toko PASOENDAN TJIAMIS**  
Ngitjal roepi boekoe sareng kaperloean djerat. Tampi roepi-roepi barang amanat sareng ngarangkep Agentschap Sipatahoenan, nja kitoe deui Commissariat Pasoendan.  
Pangoeroes  
**M. G. Kartaatmadja.**

**H. I. S. PASOENDAN TASIKMALAJA.**  
Disoebsidie koe Goepernemen. Noe bade ngalebetkeun moerangkalih ka H. I. S. P., sae tjandak moerangkalihna koe sepoehna ka sakola ngawitan ti kaping 1 Mei '25 (taboeh 9 endjing).  
**Schoolbestuur Pasoendan.**

Tjing ji, taroskeun ka **DRUKKERIJ PASOENDAN**, sabaraha kitoeh harga kartjis djeung kwitantie sakola saratoesna? soerat ondangan deui!

Eta sanggeurna, kintoean bae tjontona teu kadah marios pangaoe, mirah bae. Oepami ngaraoe kaawisan, entong dibajar.

Wawatjan Panoengtoen tembang f 0,15  
Soeloek Pandji f 0,15  
Aboeawas f 0,20

Pesen ka:  
**Toko PASOENDAN Tasikmalaja.**

**IMPLIK-IMPLIK**  
Nji Djoeminem.  
Koe K. M.  
Sambongna Sp. No. 47.  
(Diwagel dipetik).

Atoeh ieu anoe rek mamantos teh katjida ngarasa wirangna geus babalandja, koe henteu djol bae, Madkaja geuwat nanjaan kakara eta sawe teh poeroen da kapaksa tea tinimbang wirang mah kadjeun ka noe ompong oge djeung deui ongkoh watek lakaki mah "dooit tambaga" nadjan petot ti-peureuan oge pajoe bae, tah kitoe ti-

nerangkeun jen manehna teu boga panjakit, sabab jakin Madkaja teh ngandjoeng kasakit anoe katjida bahajana, boektina geus aja 2. 3 na popotonganana anoe ngahel teu boga deui sak-laki lantaran kenna koe panjakit. Koe kitoe tea mah teu heran sabab ma'loem djelema soegia, kamana-mana tara elat dooit djeung sering ngaronda-ronda pakajana sawah atawa kebon anoe djaraoeh, tampolana aja noe koedoe didago sapoe doa poe, atoeh kapaksa neugan anoe poerah mentje tan. sok kateteroesan ma'loem.

Koe Madkaja dihantem dilelek-lelek eta omongan Endjoem teh timana asalna, da pirakoe hidji boedak kam-

poeng djaho di oeroesan doktor doktor kitoe, nja koe noe dititah ditérangkeun jen Nji Endjoem teh boga sobat anoe dalit pisan hidji moerid H. J. S. anoe pinter ngaran Nji Ijab, nja eta anoe ngomongan ka Nji Djoeminem soepaja menta ka pisalakiennana dipariksa heula dokter, eta pamienta koe Madkaja ngas dijawab sanggeop bae, padahal dina hatena mah katjida moerengkelna, lamoen ted era koe kasoegehian mah moal di teroeakeun, tapi sadjeroning kitoe geus boga djalan sedjen anoe bakal bisa ngalaksanakeun kana ieu maksoed, ka hidji maksoed tadi anoe ditjaritakeun ka Ki Goena tapi eta mah

bese, kadoea engke bari didadarkeun dimana geus santek kana kawina.

Poe karasana koe Madkaja norelek bae da ten didjieun soesah tea, atoeh kana perdjandjian teh ngan kari zaminggoe deui, harita Madkaja geus ngirimkeun seserahanana oonang a-biungna anoe bari djadi panganteu estoe oetama pisan, hal ieu katjidanga djadikeni kaboeangan ka bari pi-mitohaunana.

Bapa Djoeminem djeung pamadjikanana geus sasadia anoe estoeing beuhang ngahadjakeun pisan, geus ondang-ondang ka noe djaraoeh.

(Aja sambonganana.)



